

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku lima sub-bab, nyaéta (1) desain panalungtikan, (2) lokasi jeung sumber data panalungtikan, (3) instrumén panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data, jeung (5) téhnik nganalisis data.

3.1 Desain Panalungtikan


Dina panalungtikan diperlukeun cara pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nu disebut métode panalungtikan (Arikunto, 2013 kc. 203). Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Métode déskriptif dipaké pikeun ngagambarkeun sacara sistematis sarta akurat. Ieu métode ngainterprétasikeun obyék dumasar kana kaayaan anu sabenerna (Azwar, 2012 kc. 7); ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun *peristiwa* jeung kajadian nu aya (Sudjana, 2015 kc. 52).

Sangkan miboga patokan dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan, diperlukeun rarancang atawa desain panalungtikan. Nurutkeun Sukardi (2013, kc. 68) desain atawa rarancang panalungtikan nyaéta wincikan ngeunaan prosés panalungtikan nu bakal dilaksanakeun ku panalungtik pikeun ngaréngsékeun hiji pasualan. Desain panalungtikan ilaharna mangrupa komponén-komponén panalungtikan nu sacara *komprensif* ngagambarkeun runtuyan prak-prakan nu kudu dilaksanakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan.

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan bisa dipidangkeun ku bagan ieu di handap.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

3.2.1.1 Kaayaan Geografi

Kacamatan Karangnunggal nyaéta salah sahiji kacamatan nu aya di Kabupatén Tasikmalaya. Sacara geografis, Kacamatan Karangnunggal kaasup wilayah pakidulan Kabupatén Tasikmalaya. Lega wilayah Kacamatan Karangnunggal nyaéta 13.268 Ha jeung luhurna tina beungeut cai laut (*dpl*) nyaéta 5-975 m. Sacara astronomis, Kacamatan Karangnunggal aya di antara $7^{\circ} 35' 32.25''$ LU - $7^{\circ} 38' 6.30''$ LS jeung $108^{\circ} 11' 50.87''$ BB - $108^{\circ} 8' 46.56''$ BT.

Kacamatan Karangnunggal miboga wates administratif nyaéta

Enur Sri Mulyani, 2018



BASA SUNDA DIALÉK TASIKMALAYA DI KACAMATAN KARANGNUNGAL

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Beulah kulon : Kacamatan Bantarkalong, Kacamatan Cipatujah
- 2) Beulah kidul : Samudra Hindia
- 3) Beulah wétan : Kacamatan Cikatomas, Kacamatan Cikalong
- 4) Beulah kalér : Kacamatan Bojongasih, Kacamatan Cibalong

Gambar 3.1

Peta Wilayah Kacamatan Karangnunggal



Di Kacamatan Karangnunggal aya 14 désa. Lokasi nu dijadikeun tempat panalungtikan nyaéta sakabéh désa nu aya di Kacamatan Karangnunggal, anu ngawengku:

- 1) Désa Cikukulu
- 2) Désa Sarimanggu

Enur Sri Mulyani, 2018

BASA SUNDA DIALÈK TASIKMALAYA DI KACAMATAN KARANGUNGGAL

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Désa Karangmekar
- 4) Désa Karangnunggal
- 5) Désa Cibatuireng
- 6) Désa Cibatu
- 7) Désa Sariwangun
- 8) Désa Cintawangi
- 9) Désa Cikupa
- 10) Désa Cikapinis
- 11) Désa Kujang
- 12) Désa Sarimukti
- 13) Désa Ciawi
- 14) Désa Cidadap

3.2.1.2 Pamaréntahan

Jumlah désa di Kacamatan Karangnunggal dina taun 2015 nyaéta 14 désa kalayan 78 dusun, 111 Rukun Warga (RW) jeung 523 Rukun Tetangga (RT).

Tabél 3.1

Pamaréntahan di Kacamatan Karangnunggal

| Ngaran Désa | Kampung | Dusun |
|--------------------|----------------|--------------|
| Cidadap | 5 | 5 |
| Kujang | 4 | 4 |
| Sarimukti | 6 | 6 |
| Ciawi | 43 | 6 |
| Cikapinis | 30 | 4 |
| Cikupa | 25 | 6 |
| Karangnunggal | 7 | 7 |
| Karangmekar | 35 | 5 |
| Cibatuireng | - | 7 |
| Cibatu | 9 | 9 |
| Sukawangun | - | 4 |

| Ngaran Désa | Kampung | Dusun |
|---------------|------------|-----------|
| Cintawangi | - | 3 |
| Cikukulu | 17 | 4 |
| Sarimanggu | 19 | 8 |
| Jumlah | 200 | 78 |
| 2014 | 200 | 78 |

(Bappeda Kab. Tasikmalaya taun 2016)

3.2.1.3 Padumuk

Jumlah padumuk di Kacamatan Karangnunggal dumasar hasil registrasi padumuk tingkat désa taun 2015 nyaéta 90.814 urang, anu ngawengku 46.024 urang lalaki jeung 44.790 urang awéwé.

Tabél 3.2

Padumuk di Kacamatan Karangnunggal

| Ngaran Désa | Wanda Baga | | Jumlah |
|---------------|------------|-------|--------|
| | Lalaki | Awéwé | |
| Cidadap | 2588 | 2519 | 5107 |
| Kujang | 2069 | 1954 | 4023 |
| Sarimukti | 3783 | 3551 | 7334 |
| Ciawi | 3169 | 3016 | 6185 |
| Cikapinis | 2365 | 2281 | 4646 |
| Cikupa | 3239 | 3132 | 6371 |
| Karangnunggal | 6042 | 5967 | 12009 |
| Karangmekar | 4881 | 4678 | 9559 |
| Cibatuireng | 4259 | 4224 | 8483 |
| Cibatu | 3322 | 3206 | 6528 |
| Sukawangun | 2553 | 2534 | 5087 |
| Cintawangi | 1513 | 1487 | 3000 |
| Cikukulu | 2998 | 3064 | 6062 |
| Sarimanggu | 3243 | 3177 | 6420 |

| Ngaran Désa | Wanda Baga | | Jumlah |
|---------------|--------------|--------------|--------------|
| | Lalaki | Awéwé | |
| Jumlah | 46024 | 44790 | 90814 |
| 2014 | 42428 | 42692 | 85120 |

(Bappeda Kab. Tasikmalaya taun 2016)

Tina tabél di luhur, katitén yén jumlah padumuk anu panglobana aya di désa Karangnunggal kalayan jumlah padumuk lalaki 6042 urang jeung padumuk awéwé 5967 urang. Dina kurun waktu sataun, jumlah padumuk di Kacamatan Karangnunggal nambahan 5694 urang.

3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Dumasar kana sipatna, sumber panalungtikan dialék bisa dibagi dua bagian nyaéta sumber lisan jeung sumber tinulis. Sumber lisan patali jeung masih aya atawa henteuna basa atawa dialék nu nepi ka kiwari can aya dokumén-dokumén tinulisna. Sumber lisan mangrupa basa atawa éta dialék sorangan atawa hal-hal anu nyangkaruk di jerona kayaning carita rakyat, adat istiadat, kapercayaan, jeung *perundagian* (Guirade dina Zulaeha, 2010 kc.52). Ari sumber tinulis mantuan dina usaha panalungtikan sumber lisan. Najan kitu, kalan-kalan panalungtikan dialéktologi ngan bisa dilakukeun tina sumber tinulis wungkul, kayaning naskah kuno, kamus, atlasa basa, jeung dokumén-dokumén lian dina dialék nu ditalungtik (Zulaeha, 2010 kc. 52). Sumber data lisan dina ieu panalungtikan nyaéta basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal.

Dina ieu panalungtikan ditangtukeun sumber data lisanna ti informan. Informan nyaéta hiji jalma anu méré informasi ngeunaan data nu keur ditalungtik. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Zulaeha (2010 kc. 53) nu nétélakeun yén informan nyaéta jalma nu méré informasi data basa dialék nu ditalungtik, atawa sok disebut *pembahan* (Ayatrohaedi dina Zulaeha, 2010 kc. 53).

Dina ieu panalungtikan, informan panalungtikan dipilih dumasar kana kriteria:

Enur Sri Mulyani, 2018

BASA SUNDA DIALÉK TASIKMALAYA DI KACAMATAN KARANGNUNGGAL

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. wanda bagana awéwé atawa lalaki,
- b. umurna leuwih ti ± 30 taun nepi ka ± 60 taun,
- c. lahir jeung gedé di éta wewengkon,
- d. bisa basa Sunda,
- e. bisa basa Indonesia, jeung
- f. séhat rohani jeung jasmani, hartina miboga pakakas ucap nu sampurna (Zulaeha, 2010, kc. 53).

Tina éta sumber data téh dikumpulkeun kecap-kecap dialék nu sok dipaké dina kahirupan masarakat dumasar kana istilah pancakaki, istilah gaganti ngaran, istilah kahirupan désa jeung masarakat, istilah imah jeung bagianana, istilah pakakas, istilah kadaharan jeung inuman, istilah panyakit, istilah sasatoan, usum jeung kaayaan, jeung istilah budi parangi.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Dina enas-enasna, instrumén panalungtikan nyaéta sagala hal anu dijadikeun alat sangkan hasil data bisa dijadikeun bukti panalungtikan. Nurutkeun Sudjana (2015, kc. 58) instrumén panalungtikan nyaéta alat keur ngumpulkeun data. Aya deui pamadegan nu méh sarua ti Sukardi nu nétélakeun yén instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa pakakas pikeun ngumpulkeun data lapangan (2013, kc. 121)

Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kuisisionér, daptar pananya, jeung alat rékam.

3.3.1 Kuisisionér

Format kuisisionér informan digunakeun pikeun ngumpulkeun data ti informan ngeunaan riwayat hirupna. Format kuisisionér informan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta dumasar kana format kuisisionér informan ti Zulaeha (2010, kc 97).

Tabél 3.3

DATA INFORMAN

| (1) | (2) | (3) |
|-----|---|-----|
| 1. | Wasta | : |
| 2. | Wanda baga | : |
| 3. | Tempat gumelar | : |
| 4. | Umur | : |
| 5. | Atikan | : |
| 6. | Pakasaban | : |
| 7. | Cicing di ieu tempat ti | : |
| 8. | Asal kolot ti | : |
| 9. | Basa indung | : |
| 10. | Basa séjén nu dicangkem | : |
| | Dipaké dina kasempetan | : |
| 11. | Wewengkon nu pernah dianjangan | : |
| 12. | Kapentingan nganjang | : |
| 13. | Kalungguhan di masarakat | : |
| 14. | Bacaan (unggal poé/ kungsi dibaca) | : |
| 15. | Naha (kungsi/biasa) lalajo acara TV | : |
| 16. | Naha (kungsi/ biasa) ngadéngékeun radio | : |

3.3.2 Daptar Pananya

Daptar pananya dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngumpumulkeun sajumlahing kecap-kecap basa Sunda dialék Kacamatan Karangnunggal. Di jerona kabagi jadi sababaraha rupa istilah kayaning istilah pancakaki, istilah kadaharan, jst.

Tabél 3.4

Daptar Pananya

| Kode | Kandaga Kecap | Dipikawanoh | Dipaké | Kecap Séjén |
|-----------|---------------|-------------|--------|-------------|
| Pancakaki | | | | |
| (001) | Aki | | | |

Enur Sri Mulyani, 2018

BASA SUNDA DIALÉK TASIKMALAYA DI KACAMATAN KARANGNUNGAL

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| Kode | Kandaga Kecap | Dipikawanoh | Dipaké | Kecap Séjén |
|------------------------|----------------|-------------|--------|-------------|
| (002) | Anak lanceuk | | | |
| (003) | Lanceuk lalaki | | | |
| (004) | Lanceuk awéwé | | | |
| Kadaharan jeung Inuman | | | | |
| (005) | Anglég | | | |
| (006) | Apem | | | |
| (007) | Awug | | | |
| (008) | Bajigur | | | |

jst. (ilikan lampiran 6)

3.3.3 Alat Rékam

Alat rékam anu dimaksud dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun hapé (*handphone*). Dina enas-enasna, hapé (*handphone*) nyaéta téhnologi modern pikeun komunikasi. Tapi, sajaba ti bisa dipaké keur komunikasi jeung jalma séjén anu pajauh, hapé (*handphone*) ogé bisa dipaké pikeun ngarékam sacara audio jeung visual.

Dina ieu panalungtikan, hapé (*handphone*) digunakeun pikeun ngarékam hasil wawancara jeung informan. Salian ti éta, hapé ogé digunakeun pikeun ngarékam gambar (foto) informan sangkan jadi bukti panalungtikan.

Tabél 3.5
Spesifikasi Hapé

| | |
|--------------|---|
| Dasar | <ul style="list-style-type: none"> • OS: Android • OS ver: Android OS, v6.0 (Marshmallow) • Storage: 8GB • RAM: 1.5GB |
| Layar | <ul style="list-style-type: none"> • Ukuran Layar: 5 inches • Resolusi: 1280 x 720 |

| | |
|----------------|--|
| Network | <ul style="list-style-type: none"> • 4G (LTE): LTE band 1(2100), 3(1800), 7(2600), 8(900), 20(800) |
| Kamera | <ul style="list-style-type: none"> • Kamera Utama: 8 MP • Kamera Depan: 5 MP |
| Ukuran | <ul style="list-style-type: none"> • Dimensi: 144.6 x 71.5 x 8.7 mm (5.69 x 2.81 x 0.34 in) • Berat: 157 g (5.54 oz) |

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, aya tilu téhnik nu dipaké pikeun meunangkeun data panalungtikan, nyaéta métode cakap (wawancara), métode simak, jeung observasi langsung.

3.4.1 Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara anu dina panalungtikan dialéktologi sok disebut métode cakap nyaéta cara anu dilakonan dina ngumpulkeun data mangrupa paguneman antara panalungtik jeung informan (Zulaeha, 2010, kc. 63). Ari nurutkeun Heryadi wawancara nyaéta ngumpulkeun data ku cara méré patalékan-patalékan nu saluyu jeung padoman wawancara nu geus disiapkeun (2014 kc. 138). Nurutkeun Fathoni (2006, kc. 105) wawancara nyaéta téhnik ngumpulkeun data ngaliwatan prosés tanya jawab lisan nu lumangsung saarah, hartina pataékan datang ti pihak anu ngawawancara sedengkeun jawaban datang ti pihak anu diwawancara. Lian ti éta, nurutkeun Kartono (dina Gunawan, 2013, kc. 160) wawancara nyaéta obrolan nu diarahkeun kana hiji masalah nu tangtu; mangrupa prosés tanya jawab lisan, dimana dua urang atawa leuwih paamprok sacara fisik.

Dina ieu panalungtikan, téhnik wawancara digunakeun pikeun nyangking data mangrupa kecap-kecap basa Sunda dialék di Kacamatan Karangnunggal. Téhnik wawancara dilakukeun sacara *close interview* atawa nyoko kana daptar pananya anu geus dijieun. Jadi, henteu ngarancabang ka ditu ka dieu. Ieu hal dimaksudkeun sangkan dina waktu wawancara henteu méakeun waktu anu lila teuing.

Jadi, bisa dicindekkeun yén métode cakap (wawancara) nyaéta ngumpulkeun data dialék basa Sunda Kacamatan Karangnunggal ku cara tanya jawab nu lumangsung saarah antara panalungtik jeung informan.

3.4.2 Téhnik Ngaregepkeun

Téhnik ngaregepkeun anu dina panalungtikan dialéktologi sok disebut métode simak nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data ku cara ngaregepkeun basa. Métode simak digunakeun pikeun ngaregepkeun pamakéan basa ku informan (Zulaeha, 2010, kc. 63), dibéré ngaran métode simak sabab cara nu digunakeun pikeun nyangking data dilakonan ku cara ngaregepkeun pamakéan basa (Mahsun, 2007, kc 92). Dina ieu panalungtikan, téhnik ngaregepkeun gunana pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa kecap-kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal.

Dina téhnik ngaregepkeun, informan ngaregepkeun data ti informan bari ngarékam naon-naon anu ditepikeun ku informan.

3.4.3 Téhnik Observasi

Téhnik obsérvasi nu digunakeun nyaéta ku cara panalungtik niténan sacara langsung ka lapangan. Upamana waé, panalungtik rék nanyakeun kecap arit, panalungtik nuduhkeun langsung kana barangna (lamun barangna aya).

Dumasar kana tilu téhnik di luhur, ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a) Ngadatangan lokasi panalungtikan.
- b) Néangan informan dumasar kritéria nu geus ditangtukeun.
- c) Mitembeyan wawancara dumasar kana daptar pananya bari ngarékam jeung nyusun catetan lapangan.
- d) Ngalengkepan biodata informan.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, téhnik ngolah datana ngagunakeun métode padan kalayan téhnikna disaluyukeun jeung karakter data nu aya kalayan tujuan anu tangtu (Sudaryanto dina Zulaeha, 2010, kc. 64). Hartina, hiji hal nu dibandingkeun miboga

ma'na sarta patalina. Ku kituna, padan dina ieu kontéks dihartikeun salaku patali-banding (Mahsun dina Widyastuti, 2017, kc.102). Dina ieu panalungtikan, métode padan digunakeun pikeun nganalisis ayana bébédaan unsur kabasaan basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal jeung basa Sunda lulugu.

Sabada data dikumpulkeun, tuluy dianalisis kalayan léngkah-léngkah atawa tahapan saperti ieu di handap.

- 1) Ngabandingkeun data basa dina wangun kecap-kecap basa Sunda Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal jeung basa Sunda lulugu.
- 2) Misahkeun data basa nu dianggap salaku kecap-kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal.
- 3) Nyieun papasingan data basa di daérah panalungtikan dumasar kana rupa-rupa istilah nu sok digunakeun dina kahirupan sapopoé.
- 4) Nyieun papasingan data basa nu dianggap kecap-kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal dumasar kana klasifikasi wangun kecapna.
- 5) Nganalisis kekecapan ku cara presentasi dialéktométri tina kecap-kecap nu dianggap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal.
- 6) Ngadéskripsikeun kecap-kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal kana sebaran makéna istilah basa nu aya di daérah panalungtikan.
- 7) Nyindekkeun hasil panalungtikan

DAPTAR PUSTAKA

- Arikunto, S. (2013). *Prosedur Penelitian : Suatu Pendekatan Praktik*. Edisi Revisi 2013. Jakarta: Rineka Cipta.
- Azwar, S. (2012). *Metode Penelitian*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Fathoni, A. (2006). *Metodologi Penelitian & Teknik Penyusunan Skripsi*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Gunawan, I. (2013). *Metode Penelitian Kualitatif*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Heryadi, T. (2014). “Ragam Dialék Geografis Nama Jenis Makanan dan Minuman Tradisional di Kecamatan Majalaya, Kabupaten Bandung”. *Widyariset*. [online], 17, (1), 135-146. Tersedia: <http://widyariset.pusbindiklat.lipi.go.id>. [1 Oktober 2017].
- Mahsun. (2007). *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Sudjana, N. (2015). *Tuntunan Penulisan Karya Ilmiah*. Citakan ka-15 Februari 2015. Bandung: Sinar Buku Algensindo Bandung.
- Sukardi. (2013). *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Jakarta: Bumi Aksara
- Widyastuti, T. (2017). “Bahasa Sunda Dialek Pangandaran di Kecamatan Sidamulih”. *Lokabasa*. 8, (1), 101-110.
- Zulaeha, I. (2010). *Dialektologi: Dialek Geografi dan Dialek Sosial*. Graha Ilmu: Yogyakarta.